



**Taxi & Limousine
Commission**

Bill Heizen

Manm Komisyon/Prezidan
Pwovizwa

Allan J. Fromberg

Afè Piblik
frombera@tlc.nyc.gov

Rebecca Harshbarger

Afè Piblik
harshbargerR@tlc.nyc.gov

33 Beaver Street

**22nd Floor
New York, NY 10004**

Avi: Chanjman nan Peman Pwopriyetè TIF yo

TLC ap elaji peman pwopriyetè pou Fon Amelyorasyon Taksi (Taxi Improvement Fund, TIF) jan li dekri anba la a.

Chanjman nan Peman Anrejistremen

Tout medayon, kit medayon an oblije anrejistre ak yon machin ki aksesib pou chèz woulant, kalifye kounye a pou resevwa peman anrejistremen lè y ap plase machin ki aksesib pou chèz woulant yo nan sèvis. Pou satisfè nouvo egzijans pou kalifye yo, pwopriyetè yo dwe:

1. Enskri nan Pwogram Pwopriyetè TIF la, epi
2. Anrejistre yon machin ki aksesib a chèz woulant ki pa te resevwa yon peman pou anrejistremen avan (selon nimewo VIN machin nan)

Nouvo kondisyon pou kalifye yo se pou anrejistremen ki te fè 1ye janvyè 2019 oswa apre sa.

Chanjman nan Peman pou Operasyon

Peman pou operasyon (ki te rele avan peman pou “antretyen” oswa “enspeksyon) pa limite a yon maksimòm kat (4) lane ankò. Kounye a pwopriyetè yo pral resevwa peman pou operasyon depi machin ki aksesib pou chèz woulant yo rete an sèvis. An plis, TLC ap ogmante kantite fwa pou fè peman sa yo de twa (3) peman chak ane a yon (1) peman chak trimès. Pou satisfè nouvo egzijans pou kalifye yo, pwopriyetè yo dwe:

1. Enskri nan Pwogram Pwopriyetè TIF la, epi
2. Asire machin aksesib pou chèz woulant ki anrejistre ak medayon an fè omwen 250 kous chak trimès epi machin ki aksesib pou chèz woulant sa a rete konekte ak sistèm Konpayi ki Voye Machine Aksesib yo pandan l ap fonksyone.

Peman pou operasyon yo ap fè selon plan sa a:

Trimès	Peryòd Evalyasyon Kous TPEP	Dat Sipoze Peye
Q1	Janvyè-Mas	Me
Q2	Avril-Jen	Out
Q3	Jiyè-Septanm	Novanm
Q4	Oktòb-Desanm	Fevriye

Si ou gen nenpòt kesyon sou kijan chanjman sa yo afekte ou, tanpri kontakte pwogram Fon Amelyorasyon Taksi TLC a nan tift@tlc.nyc.gov oswa kesyon [Kesyon Moun Poze Souzan](#) nou an.